



Pou Piblikasyon Imedya: 08/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN SERI LEJILASYON POU PWOTEKSYON KONSOMATÈ A

Lejislasyon S.153/A.2382 a adopte Lwa sou Jistis Kredi Konsomatè a, k ap lite kont pratik abizif rekouvremant dèt

Lejislasyon S.4823/A.3359 la entèdi konpayi sèvis piblik yo asele, abize, oswa oprime kliyan ki lye ak plent kliyan rezidansyèl yo

Lejislasyon S.1199/A.5838 egzije pou omwen yon komisè nan Komisyon Sèvis Piblik la gen eksperyans nan defans konsomatè sèvis piblik

Jodi a Gouvènè Hochul te siyen yon pake lejislasyon ki lye ak pwoteksyon konsomatè. Lejislasyon S.153/A.2382 adopte Lwa sou Jistis Kredi Konsomatè a (Consumer Credit Fairness Act, CCFA), k ap pwoteje konsomatè yo kont rekouvremant dèt abizif, ansanm ak pratik ki lye ak ansyen dèt ki te gen pouwit jidisyèl yo, dèt konpayi kat kredi ke yo te revann a lòt kreyansye yo, ak enfòmasyon minimòm yo te bay ak konpayi ki achte dèt yo. Lè yo ogmante transparans, minimize eka nan lwa sou pwosedi sivil Eta yo, epi anpeche mezi ekstrèm tankou sezi salè ak jèl kont bankè yo, yo bay konsomatè yo plis tan pou aji sou pratik rekouvremant dèt tèt chaje yo. Lejislasyon S.4823/A.3359 la entèdi asèlman konpayi sèvis piblik yo lè y ap negosye yon plent oswa balans ki pa peye. Lejislasyon S.1199/A.5838 la egzije pou Komisyon Sèvis Piblik la gen omwen yon manm ki se yon ekspè nan defans konsomatè yo.

"Lè move aktè yo ap eseye pwofite de konsomatè a, New York ap defann yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou siyen lejislasyon sa k ap pwoteje Nouyòkè yo kont pratik san eskripil rekouvremant dèt ak konpayi sèvis piblik yo. Nouvo lwa sa yo ap rann fè New York vin yon kote ki pi bon, pi jis pou tout konsomatè yo."

Sipèntandan pa Enterim Depatman Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare, "Chanjman sa nan CPLR la ap pwoteje Nouyòkè yo kont rekouvremant san eskripil yo pandan rekiperasyon apre COVID-19 la ap kontinye. Pwojè lwa (S.153/A.2382) la abòde pratik predatè rekouvremant dèt yo, sof yon taktik abizif ki komen ke rekouvremant predatè dèt yo fè ki se pouwit dèt yon konsomatè nan lajistis san yo pa menm gen dokimantasyon debaz yo. Nouvo lwa sa elaji pwoteksyon enpòtan konsomatè yo pou Nouyòkè ki pi vilnerab yo."

Lwa sou Jistis Kredi Konsomatè a pran mezi pou frennen pouswit jidisyè pou rekouvreman abizif dèt lè yo egzije pou yo avize akize yo de yon aksyon legal yon kreditè, ki egzije pou yo depoze nan tribinal la plis enfòmasyon sou dèt ki sible nan pouswit jidisyè a, k ap dimininye limit legal pou tranzaksyon kredi konsomatè yo, epi tabli egzijans presi pou aplikasyon pou jijman pa defo nan yon aksyon kredi konsomatè. Lè yo ogmante enfòmasyon ke konsomatè yo resevwa nan pwosesis legal la, gen mwens eka nan lwa sou pwosedi sivil Eta yo, epi sa anpeche mezi ekstrèm tankou sezi salè ak jèl kont bankè yo, ki bay konsomatè yo plis tan pou aji sou pratik rekouvreman dèt tèt chaje yo.

Sa apiye efò Gouvènè Hochul te fè anvan yo pou soulaje estrès dèt pou Nouyòkè yo. Nan mwa oktòb la, Gouvènè a te elaji pwogram asistans pou kouran nan kay la lè li te bay jiska 10,000 dola pou peye pou aryere pou fanmi ki gen revni ki ba ki kalifye yo, pou abòde yon ogmantasyon dramatik nan aryere sèvis piblik konsomatè yo ki te akimile pandan pandemi COVID-19 la. Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service) ap travay ak konpayi sèvis piblik sou efò sansibilizasyon pou konsyantize kliyan yo sou asistans ki disponib yo. Dapre nouvo lejislasyon sa, sèvis piblik yo ka kontinye aktivite rekouvreman dèt ki lejitim yo.

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Pouswit jidisyè abizif epi k ap eksplwate moun pou dèt te vin tounen yon epidemi atravè Eta New York. Konsekans pouswit jidisyè sa yo—ki atake souvan granmoun, moun ki andikape, ak Nouyòkè ki gen revni ki ba ak revni modere yo—devastan, espesyalman nan yon moman kote Nouyòkè yo deja ap soufri de difikilte finansye akòz COVID-19 la. Lwa sou Jistis Kredi Konsomatè a ap estope pratik rekouvreman abizif epi souvan ilegal sa yo nan wout yo. Mwen vle remèsye Manm Asanble Weinstein ak defansè konsomatè k ap travay di nou yo pou patenarya yo, ak Gouvènè Hochul dèskè li kanpe pou konsomatè New York yo lè li ratifye CCFA a an lwa."

Manm Asanble Helene E. Weinstein te deklare, "Lejislasyon sa a ap pwoteje konsomatè yo kont pratik rekouvreman dèt abizif. Sa fè lontan pou nou te ajoute dan nan lwa nou yo pou asire ke tout pouswit jidisyè pou rekouvreman dèt respekte nouvo egzijans estrik sa yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Senatè Thomas pou patenarya yo ansanm ak mwen pou adopte refòm ki tèlman nesèsè sa yo, ak tout defansè konsomatè ki te kenbe kap la pandan ane yo."

Lejislasyon S.4823/A.3359 la entèdi konpayi sèvis piblik yo angaje nan asèlman, opresyon, oswa abi lè y ap travay ak yon kliyan rezidansyèl. Lè li asire dwa konsomatè yo, l ap soulaje estrès ki asosye lè yon moun rate pèman yon sèvis piblik. Sa vini nan repons ak plizyè pratik san eskripil ke antrepriz sèvis piblik yo angaje ladan yo, tankou kreyasyon yon "akò pèman" ak kliyan yo ki ankouraje konsomatè a fè gwo pèman alavans pou yo pa koupe sèvis piblik tankou kouran yo.

Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare, "Pandan eta nou an ap kontinye rekipere apre pandemi an, pwoteksyon konsomatè rete yon gwo priyorite pou Konferans Senatè Majoritè a, epi se sa seri lejislasyon sa ap fè. Pwojè lwa mwen an bay langaj ki klè pou

Lwa sou Pratik Ekitab nan Kesyon Enèji nan Kay (Home Energy Fair Practices Act, HEFPA), k ap asire ke lè Nouyòkè yo nan mitan negosyasyon pou aranjman pèman oswa depoze yon plent kont yon founisè enèji, yo pa soumèt yo ak asèlman oswa abi. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen pwojè lwa sa an lwa, ki rekonèt bezwen pou ranfòse lwa ki pwoteje konsomatè sèvis piblik yo epi rann founisè minisipal ak ESCO yo responsab anvè piblik la ke yo sipoze sèvi a."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Pandan moman ekonomik difisil yo, kliyan yo ka anreta fasilman nan pèman sèvis piblik yo. Menm lè sa, yon reprezantan konpayi sèvis piblik ta dwe trete chak kliyan san pati pri. Yo pa dwe janm soumèt konsomatè yo ak langaj ki abizif oswa pratik pèman ki twonpè. Lwa sa ap pwoteje dwa konsomatè yo k ap asire ke konpayi sèvis piblik yo rekouvre dèt kliyan epi rezoud plent yo dapre règ etik ki pi elve. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pòsyon lejislasyon kle sa, k ap ede asire trètman ki san patipri pou Nouyòkè k ap chèche rezoud pwoblèm sèvis piblik yo nan fason ki ekitab."

Lejislasyon S.1199/A.5838 la egzije pou omwen yon komisè nan Komisyon Sèvis Piblik la gen eksperyans nan defans konsomatè sèvis piblik. Sa se pou reoryante Komisyon Sèvis Piblik la vè objektif orijinal la pou asire yo bay konsomatè yo sèvis ki adekwa nan entèval ki rezonab. Lè Komisè a gen eksperyans nan defans pou enterè konsomatè sèvis piblik, sa ap ba li yon pèspektiv ki konsantre sou konsomatè sèvis piblik yo, k ap anpeche Komisyon an panche enterè yo an favè enterè komèsyal oswa enterè sèvis piblik yo.

Senatè Eta a, Michael Gianaris te deklare, "Twò souvan, Komisyon Sèvis Piblik sèvi endistri l ap règleman yo olye li sèvi piblik la. Yon reprezantan konsomatè nan PSC a ap yon etap ki pisan nan bon direksyon an. Mwen kontan wè pwopozisyon enpòtan sa adopte an lwa ak siyati Gouvènè Hochul la. Eta New York ap egzije kounye a yon vwa pou konsomatè yo nan PSC."

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Depans pou chofaj kay nou ak elektrisite nou bezwen pou viv lavi nou pa t epaye enflasyon n ap obsève jodi a. Lè nou ogmante depans sèvis piblik k ap afekte plizyè milyon Nouyòkè sou revni fiks ak lòt moun k ap goumen ak djòb salè ki ba ak chomaj, konsomatè New York yo bezwen regilatè ki reprezante enterè yo, se pa enterè konpayi sèvis piblik yo. Lwa sa ap asire ke gen yon vwa ak vòt pou kontribyab yo sou tab la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa epi ki vini alè pandan sezon ivè difisil la ap apwoche."

Pati Lejislasyon S.153/A.2382 ap antre anvigè imedyatman, epi Lejislasyon S.4823/A.3359 ak Lejislasyon S.1199/A.5838 ap antre anvigè 30 jou apre lè yo fin ratifye an lwa.

###